

Objektif Sipèetandan an pou Ane Skolè 2020/2021 an

Objektif yo			
	Done debaz	AL 20-21 Objektif vize	AL 20-21 Aktyèl
Objektif #1: Devlope epi aplike yon plan pou amelyore rezilta elèv k ap aprann anglè yo yon fason klè gras ak ogmantasyon kapasite distri a pou li satisfè bezwen elèv k ap aprann anglè yo.			
Objektif entèmedyè 1.1 Kwasans ACCESS: Ogmante pwogrè yo yon fason pou metrize lang anglè a, jan yo mezire sa selon Pousantaj Kwasans Mwayen Elèv yo (Mean Student Growth Percentile) nan ACCESS pou egzamen ELL (Elèv k ap Aprann Anglè) yo (SGPA).	47 (AL20)	50	Rete pou detèmine
Objektif entèmedyè 1.2 Fè pwogrè: Ogmante pwogrè yo yon fason pou metrize lang anglè a, jan yo mezire sa selon pousantaj elèv ki fè ase pwogrè pandan ane a nan ACCESS pou egzamen ELL yo.	44% (AL20)	46% (+ 2%)	Rete pou detèmine
Objektif entèmedyè 1.3 Moun k ap Aprann Lang SWD: Ogmante pwogrè yo yon fason pou metrize langaj elèv k ap aprann anglè e ki nan yon PEP (Pwogram Edikasyon Pèsonalize), jan yo mezire sa selon Pousantaj Kwasans Mwayen Elèv yo nan ACCESS pou egzamen ELL (Elèv k ap Aprann Anglè) yo (SGPA) pou elèv sa yo.	39 (AL20)	50	Rete pou detèmine
Objektif entèmedyè 1.4 Konpetans nan Lang Anglè: Ogmante pwopòsyon elèv k ap aprann lang ki rive metrize lang anglè, jan yo mezire sa selon pousantaj elèv ki satisfè kritè sòti Eta a.	16% (AL20)	17% (+ +1%)	Rete pou detèmine
Objektif # 1 Estrateji			
Estrateji 1.1 Doub lang: Ogmante plas nan pwogram doub lang nan.	2.005 (AL20)	2.105	2.157 (AL21)
Estrateji 1.2 Divèsite lengwistik: Ogmante divèsite lengwistik pèsonèl la, jan yo mezire li selon pousantaj lang BPS kote Endis Parite Pwofesè-Elèv la se 2:3 (0.67) oswa plis. Endis Parite Pwofesè-Elèv la se rapò edikatè ak elèv pou chak lang, avèk yon objektif pwopòsyon 2:3 nan tout distri a (sètadi, pou chak 3% elèv ki pale lang sa a, 2% edikatè anndan lekòl la pale lang sa tou san pwoblèm).	7 / 9 lang	8 / 9 lang	7 / 9 lang
Estrateji 1.3 Sèvis entèpretasyon: Ogmante aksè nan devlopman règleman distri lekòl la ak nan desizyon tout manm kominote a ap pran yo, jan yo mezire sa selon pousantaj reyinyon ak asistans entèprèt Komite Lekòl la ofri nan omwen twa lang ofisyèl BPS yo.	3 / 15 reyinyon 20% (Mas-Okt)	100% apati 11/2020	Rete pou detèmine
Objektif # 2: Devlope epi aplike yon plan pou amelyore rezilta elèv ki gen andikap yo yon fason klè gras ak ogmantasyon kapasite distri a pou li satisfè bezwen elèv ki nan edikasyon espesyal yo			
Objektif entèmedyè 2.1 dispwopòsyonalite: Diminye dispwopòsyonalite elèv gason nwa k ap soufri ak defisyans emosyonèl, yon ti jan separe salklas ak elèv Latino ki gen yon pwoblèm kominikasyon, jan sa parèt nan diminisyon rapò risk la.	Elèv nwa: 3,7 (AL20) Elèv Latino: 1,5 (AL20)	Nwa: 3,6 Latino: 1,4	Rete pou detèmine
Objektif entèmedyè 2.2 Pwogrè nan Lekti: Ogmante pousantaj elèv K2-2 k ap soufri ak andikap ki atenn atant klas la oswa ki depase atant yo nan evalyasyon Fasilite Lekti NWEA MAP la nan fen ane a.	36% (AL21 GASON)	38% (+ 2%)	Rete pou detèmine
Objektif entèmedyè 2.3 Kwasans Elèv: Ogmante kwasans elèv yo nan ELA ak matematik, jan yo mezire sa selon pousantaj kwasans mwayen elèv la nan MCAS pou elèv ki gen andikap nan klas 3yèm jiska 8yèm ane yo. (Remak: MCAS pat konsène klas 3-8 yo an 2020)	ELA: 44,1 (AL19) Matematik: 44.0 (AL19)	50	Rete pou detèmine
Objektif # 2 Estrateji			
Estrateji 2.1 sibstansyèlman separe: Diminye pousantaj elèv k ap soufri ak andikape ki te sèvi nan yon pwogram separe	30,8% (AL20)	30,7% (-0.3)	30,9% (AL21)
Estrateji 2.2 Enklizyon: Ogmante pousantaj elèv klas K0 jiska 12yèm ane k ap soufri ak andikap yo nan yon anviwònman enklizyon total oswa pasyèl.	61,9% (AL20)	62,4% (+0.5)	62,4% (AL21)

Estrateji 2.3 Sikològ ak Fòmasyon COSE : Kolabore ak Sèvis Sante sou Konpòtman pou fòmasyon Sikològ Lekòl ak Kowòdonatè Edikasyon Espesyal (Coordinators of Special Education) sou pwosesis rekòmasyon ak idantifikasyon ki apwopriye jan yo evalye li nan evalyasyon konpreyansyon konsèp yo apre chak fòmasyon.	P/D	P/D (Nouvo Mezi)	Rete pou detèmine
Objektif # 3 BIWO SANTRAL: Reòganize estrikti ak fonksyon Biwo Santral BPS la pou amelyore kapasite li yon fason klè pou konble vid ki genyen nan opòtinite ak reyisit nan tout lekòl distri a			
Objektif entèmedyè 3.1 Pèsepsyon edikatè: Amelyore pèsepsyon edikatè yo sou sèvis biwo santral, efikasite ak responsablite li anrapò ak rezilta yo selon nòt mwayen dapre echèl yo chwazi (gwoup atik ki sanble) nan sondaj sou klima travay pwofesè yo.	Pat fèt pou ane skolè 2019-2020	P/D (Nouvo Mezi)	Rete pou detèmine
Objektif entèmedyè 3.2 Pèsepsyon dirijan lekòl la: Amelyore pèsepsyon dirijan yo sou sèvis biwo santral, efikasite ak responsablite li anrapò ak rezilta yo selon nòt mwayen dapre echèl yo chwazi (gwoup atik ki sanble) nan sondaj sou klima travay dirijan lekòl yo.	Pat fèt pou ane skolè 2019-2020	P/D (Nouvo Mezi)	Rete pou detèmine
Objektif entèmedyè 3.3 Pèsepsyon Biwo Santral: Amelyore kilti òganizasyonèl nan tout biwo santral yo dapre nòt mwayen sou atik ki soti nan biwo sondaj Gallup la.	Pat fèt pou ane skolè 2019-2020	P/D (Nouvo Mezi)	Rete pou detèmine
Objektif # 3 Estrateji			
Estrateji 3.1 Òganigram: Devlope yon òganigram ki defini klèman liy rapò yo epi asire yon lidèchip ak yon jesyon efikas nan tout domèn responsablite yo.	Gade tablo ane skolè 2020 an ki vin ak dokiman sa a	P/D	Tablo AL21
Estrateji 3.2 Divèsite nan Biwo Santral: Ogmante divèsite rasyal nan biwo santral pou koresponn ak reprezantasyon elèv n ap sèvi yo, jan sa fèt sou baz ogmantasyon endis parite anplwaye biwo santral ak elèv yo.	0,70	0,75 (+0,05)	Rete pou detèmine
Estrateji 3.3 Vwa dirijan lekòl la: Ogmante opòtinite pou dirijan lekòl yo fè tandè vwa yo epi patisipe nan desizyon sou règleman k ap pran nan nivo sistèm nan, jan sa parèt nan patisipasyon yo nan gwoup travay fòmèl distri a ak fòmasyon yon Kabinè dirijan lekòl ki reyini regilyèman pou diskite sou règleman distri a.	P/D	De (2) fwa pa mwa	Rete pou detèmine
Objektif #4 REPONS KONT PANDEMI A : Veye sou sante, byennèt sosyal-emosyonèl, ak pwogrè akademik elèv yo pandan pandemi COVID-19 la lè nou asire preparasyon operasyonèl, kalite akademik ak sekirite aprantisaj an pèsòn e adistans yo.			
Objektif entèmedyè 4.1 Aktivite sou entènèt: Fasilite aksè ki konsistan nan aprantisaj adistans, jan sa parèt nan pousantaj aktivite mwayèn ki fèt sou entènèt chak jou yo ki montre pousantaj elèv ki itilize imèl BPS yo pou konekte nan zouti aprantisaj sou entènèt nan yon jounen lekòl nòmal.	51% (Fèmit Prentan 2020 an*)	85%	Rete pou detèmine
Objektif entèmedyè 4.2 Prezans Elèv: Asire yo prezan chak jou, kit elèv yo ap aprann adistans kit yo an pèsòn.	83% (Fèmit Prentan 2020 an*)	92%	Rete pou detèmine
Objektif entèmedyè 4.3 Plan Entèkansyon Elèv yo: Devlope epi kontwole Plan Reyisit Akademik pou tout elèv yo idantifye ki bezwen entèkansyon gwoup sib (Nivo 2) oswa yon entèkansyon entansif pèsonalize (Nivo 3), jan sa parèt nan pousantaj elèv ki gen yon Plan Reyisit Akademik.	31% (Fèmit Prentan 2020 an*)	33%	Rete pou detèmine
Objektif # 4 Estrateji			
Estrateji 4.1 Teknoloji: Asire ke tout elèv ki nan klas 3-12yèm ane yo gen aksè ak òdinatè 1:1 yon fason pou chak elèv ka jwenn aksè nan resous aprantisaj adistans lan, jan sa parèt nan pwopòsyon elèv ki gen yon Chromebook BPS oswa ki pa chwazi resevwa yon aparèy BPS.	67%	100%	Rete pou detèmine
Estrateji 4.2 Chita pale sou Ekite: Angaje fanmi yo ak kominote a pou konprann bezwen yo epi enplike yo nan desizyon k ap pran nan chita pale sou ekite yo.	19 (Mas-jiyè 2020)	De (2) fwa pa mwa	Rete pou detèmine
Estrateji 4.3 Repons Operasyonèl: Bay dispozisyon enpòtan sou sante ak sekirite ase aksè (pa egzanp, fenèt operasyonèl, pirifikatè lè, dezenfektan pou men ak ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE)).	P/D	P/D (Nouvo Mezi)	Rete pou detèmine

*Mezi ki soti nan peryòd fèmit sezon prentan 2020 la reflekte règleman ak zouti pou kontwole pwogrè ki disponib nan moman an.

Konsiderasyon sou Bilan Evalyasyon an

Konsèy la ap bezwen detèmine ki sa bilan rezilta done ki pi wo yo vle di - si li pondere ou pa ak sa nivo satisfaksyon an pral ye. Egzanp:	Objektif - 60% (2/3); Estrateji - 40% (3/4) oswa Objektif - 50% (2/3); Estrateji - 50% (3/4)	0-4 Pa Satisfèzan 5-6 Satisfèzan oswa	0-2 Pa Satisfèzan 3-4 Pasyèlman Satisfèzan 5 Satisfèzan 6 Egzanplè
--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	-----------------------------------------------------------------------------------------------------------	----------------------------------------------------	-----------------------------------------------------------------------------